Утверждаю:
Зам. дир. по УВР

# Доклад

## "Авар мацӏалъул ва литератураялъул дарсазда цӏиял технологиял хӏалтӏизари".

Х1адурана: авар мац!алъул ва литератураялъул муг!алим

Мух1амадова Х.Г

**Авар мацӀалъул ва литератураялъул дарсазда цӀиял технологиял хӀалтӀизари.**

«МацӀ лъачӀого, кечӀ гьаби

лъим лъачӀого, гӀурулъе лъугьин»

Расул ХӀамзатов

Кинабха букӀине кколеб жакъасеб магӀарул мацӀалъул дарс? Дарс бачунеб къагӀидаги, дарсил гӀуцӀиги, тӀалабалги - гьел батӀиял ругищ гьанже?

ХӀакъаб жо, лъабабго мурад тӀубазаби - лъай кьеялъул, цебе тӀезабиялъул ва тарбия кьеялъул - чара гьечӀого къваригӀунеб рахъ буго дарсил. Амма нилъер заманалда дарс бичӀчӀизабизе ккани, батӀи-батӀиял къагӀидаби ралагьизе кколел руго. Гьанже раккарал цӀи-цӀиял алатазда, гьарулел ругел хиса-басиязда рекъон, дарсил гӀуцӀиги хисизабизе кколеб буго . [4, С. 14]

ЦохӀониги учитель вукӀунаро жиндирго дарс квеш ине бокьулев. Щивасе бокьула лъай кьеялъул рахъ цӀалдохъабазул гьира бижизабулеб, ракӀ базабулеблъун гьабизе. Лъимал ургъизе тӀами бараб буго гьесда сверухъ ругел шартӀазда, гьев гьираялда хӀалтӀулеб сверухълъиялда. [2, С. 4]

Гьанже ругел лъималазе гӀемерисезе ургъизе бокьулеб гьечӀо. Гьел ругьунлъун руго, кнопкаялда килищги цун, къваригӀарал баянал бигьаго интерненталдаса росизе. Къо бихьун, захӀмалъи лъан, жалго хӀалтӀун, хӀасилал гьарун босараб лъаялъукье бахунеб жо щибха букӀинеб? Хасго шагьаралъул школазда, дагьал гурони авар мацӀалъе сагӀталги рихьизарун гьечӀеб мехалъ, киналго лъималазул пикру дарсиде буссинабизе ккани, учителасе рес гьечӀо цӀиял алатал хӀалтӀизаричӀого. ЦӀалдохъанас лъай боси, цӀалул захӀматалде гьев куцай, жиндаго лъачӀого хӀалтӀизе тӀами, кӀвар кьун гӀенеккизе лъай бараб буго, учителас цӀиял къагӀидабаздаса пайдаги босун, дарс гӀуцӀиялда. Гьединлъидал цӀиял алатазул кумекалдалъун школазда авар мацӀ ва адабият малъи - гьеб ккола гьанже заманалда **кӀвар бугеб суаллъун.** Гьез лъималазул гьира базабулеб буго дарсида хӀалтӀизе, щивас жиндирго пикру рагьизе, гьезул гьунарал лъазе.

ЦӀиял алатал хӀалтӀизарулаго учителасда цере чӀарал **масъалаби** ккола:

1. Авар мацӀалъул дарсазда лъималазул лъай борхизабизелъун компьютералъул программаби хӀалтӀизариялъул къагӀидаби лъазари.

2. Авар калам малъулаго интерненталдаса щиб къадаралда пайда босизе бегьулебали хӀисаб-суал гьаби.

3. МагӀарул мацӀ малъулаго цӀиял алатазул бугеб кӀваралде пикру буссинаби.

4. ЦӀиял къагӀидабазул кумекалдалъун щибаб дарс гӀуцӀи.

ЦӀиял технологиял хӀалтӀизариялъе **кӀвар буголъи** ккола:

- жалго жидедаго чӀун хӀалтӀизе бажари;

- лъималазул творческияб рахъ рагьизе рес щвей;

- щибав цӀалдохъанасул махщел, бажари бихьи;

- ургъизе, жидерго пикру рагьизе ругьунлъи;

- гьира гьечӀого хӀалтӀулел лъималги жидедагоцин лъачӀого хӀалтӀизе лъугьин.

Цlиял технологияздаса пайдаги босун, авар мацl ва литература малъизе хlалтlизарула гьал хадур рехсарал **къагlидаби**:

- цойгидал лъугьа - бахъиназулгун, баяназулгун бухьен гьаби;

- пайда босизе текст букlин;

- цо чанго цlалдохъан цолъун хlалтlулъе лъугьин, къецал гьари;

- ургъун текстал гlуцlи;

- аслиял рагlаби ралагьи;

- гlадатияб гуреб къагlидаялъ тlадкъаял гьари.

Нилъер предметалъул хаслъиги кьочlое босун, киналго гуро цlиял алатал хlалтlизарун бажарулел. Гьединлъидал чlей гьабизе бокьун буго **компьютералъул технологиязда**.

Учителасе компьютер ккола къваригlанщинаб материал жаниб батулеб сандукlлъун, гьесухъе материал босун бачlунеб иццлъун, берда бихьулеб пособиелъун, лъай борциналъул ва хадуб хал кквеялъул алатлъун. Гьелъ лъималазе дунялалъул хlакъикъат рагьула. Кумек гьабула гlумру батlияб бералдалъун бихьизе, лъугьуна батlи-батlиял тадбиразул, лъугьа-бахъиназул гlахьалчилъун. Хал-шал гьабиялъул баяназда рекъон, гlадамасда ракlалда чlола бицунеб рагlараб жоялъул 1/4 бутlа, бихьаралъул - 1/3 бутlа, бихьаралъулги рагlаралъулги цадахъ - 1/2 бутlа, живго цlалдохъан гъорлъе лъугьун цадахъ хlалтlулев вугони - 3/4 бутlа.

Дица компьютер дарсазда хlалтlизабула, битlун хъваялъул ва битlун ишараби лъеялъул лъималазул бажари ва гьунар цебетlезабизе. Проекторалъул кумекалдалъун доскаялде речlчlизарун гьарула текстал - диктантал. Цlалдохъабаз гьоркьор риччарал бакlазда данде кколел хlарпал яги лъалхъул ишараби лъезе ккола.

Литератураялъул дарсазда рихьизарурал текстазул яги кочlол мухъазул гьоркьор риччарал рагlаби хъвазе тlамула, автор вихьизавула. Кициялъул байбихьиялъе ахир ургъизе тlамула. ФГОСалъул тlалабазда рекъон, дарсида лъола проблемиял суалал, цlакъго кlвар кьола цlалдохъабаз жидерго пикру загьир гьабиялде, киналъулго хlасилалде жалго рачlинариялде. Дарсил букlаниги, лъазабулеб тексталъул, асаралъул букlаниги тема рагьулеб мехалъ, аслия( рагlиги батун, гьелда тlасан кечl ургъизе тlамула.

Масала: Щумухъилаб кечl (синквейн)

Авар мацl.

Чlагояб, гlажаибаб.

Малъула, куцала, цере рачуна.

Цlуне, гьудул, дуца дурго рахьдал мацl.

Адабият.

1.мухъ - кьочlое бугеб рагlи – предметияб цlар босула.

2 мухъ - сипат бихьизабулеб, аслияб магlна жанибе бачунеб кlиго прилагательное босула.

3 мухъ - гьабулеб иш бихьизабулеб, темаялъе данде кколеб 3 глагол ургъула.

4 мухъ – аслияб магlна жанибе бачунеб предлжение ургъула.

5 мухъ – тIоцебесеб мухъалъул предметияб цIаралда бухьараб, хIасил гьабулеб рагIи ургъула

Гьединал хIалтIабаз цIалдохъабазул мацI бечед гьабула, ругьунлъула бетIер хIалтIизабизе, цояб цоялда бухьинабун хIасил гьабизе. Гьедин бачунеб бугони, лъималазулги гъира бижула.

Дарсида хасаб бакI ккола **презентацияз**. Гьел хIалтIизарула, лъимал жалго жидедаго чIун хIалтIизариялъул, щибав цIалдохъанасул лъаялъухъ халгьабиялъул мурадалда. Слайдаз цIакъ кумек гьабула цIияб дарс бицунеб бугониги, лъай гъварид гьабулеб бугониги, щибаб лъимералъе батIаго тIадкъай кьезелъунги.Тестазул кумекалдалъун рес щола хехго, заман хвечIого, якъинго цIалдохъабазул лъаялъухъ хал гьабизе.

Дарсазде лъималазул гъира базабизе пайда босизе бегьула **интернеталдасанги.** Гьелъул кумекалдалъун учителасе рес щола дунялалъул бокьараб бакIалда бугеб цIияб хабар лъазабизе. Авар адабияталъул дарсазда Расул ХIамзатовасул, Фазу ГIалиевалъул асарал малъулаго дица интернеталдасан биччала гьезул хIакъалъулъ документалияб фильм. Гьениса росун рихьизарула хъвадарухъабазул портретал, батIи-батIиял суратал.

Гьеб гуребги, интерналъул кIудияб кумек буго лъимералъул киналго рахъал рорхизаризеги. Гьелъул кумекалдалъун цIалдохъабазе рес щвана батIи-батIиял конференциязда, къецазда гIахьаллъи гьабизе, газетазде, журналазде макъалаби, кучIдул ритIизе.

Нилъер заманалда цIакъ кIвар кьезе кколеб буго **сахлъи цIуниялъул технологияздеги**. Жакъа кванильги тIабигIаталдаги жагъа-гъалатIлъи букIиналъ, къо бахъанагIан, лъималазул сахлъи нахълъулеб буго. Гьаризе кколел руго сахлъи цIуниялъе хIалтIаби. Хасго гIисинал классазул лъималазе чIезабизе ккола хIухьбахъиялъул заман. Свак чучизе, черх битIизе гьарула физминуткаби. Сочинение хъвалалде цебе цо-цо къватIире цIияб гьаваялде рачуна, лъагIалил заманалъул тIабигIаталда лъугьунел гIаламатазул бицуна. Хадусеб дарсиде гьелда тIасан сочинениеги хъвала. Дарс бачуна лъималазул рекIелъ божилъи бижулеб хIалалда, дарсил тартиб цIунун.

ПалхIасил, авар мацIалъул дарсазда учителасда кIвезе ккола лъай кьезе гуребги, лъималазул живго гIураб ракьалде, тарихалде, мацIалде, жиндирго халкъалде рокьи бижизабизеги. МацIалде бугеб кIвар гьечIолъи - гьеб ккола нилъерго тарихалдаги букIинеселдаги тIад мал чIей. Гьанжесел цIалдохъабаз дагь гурони тIахьалги цIалулел гьечIо, цIиял алатазул гурони мацIги лъалеб гьечIо. ГьединлъидаI гIун бачIунеб гIел тарбия бугеблъун лъугьине, гьезул рухIияб дунял бечед гьабизелъун хIалтIи гьабизе ккола. Гьел ругьун гьаризе ккола компьютералъул тIагIалабазул лъикIал рахъаздаса пайда босизе. Гьеб киналъулго борхалъуде рахине ккани, цIалдохъабазул дарсазде рокьи бижизабизе ккола, цIиял алатаздаса пайдаги босун. Гьедин гьабуни дарсалги лъималазе лъугьуна гвангъараллъун, ракIалдаса унареллъун, мацIалде рокьи бижизабулеллъун. ЦIалдохъан релълъуна гъотIода: дунялалъул культураялъул чIорал речIчIула гIаркьалабазде, жив тIаб вижараб ракьалдаса сокалги цIула кьалбаз гIадин.

ГУМБЕТОВСКИЙ РАЙОН С.ЧИРКАТА